

Inkingo za COVID-19 inkuru ku magara y'abakozi n'inkuru y'umutekano ku bakoresha n'udukorwa duto duto

Ugukingirwa n'ibikorwa vy'amagara y'abakozi WHS

Dufatiye ku bitegekanijwe vy'amategeko y'amagara y'abakozi n'umutekano utegerezwa kuraba neza yuko umutekano w'abakozi ukoresha, na wewe ubwawe n'abandi bari mu kibanza co gukoreramwo ko bamereye neza mu buryo bwose bushoboka. Ushobora kudakuraho ugushobora kwandura COVID-19 ku bakozi bose bari ku kazi. Yamara, ushobora gukora ibishoboka vyose kugira ngo ushobore kubakingira ntibandure.

Kugira ngo ugabanure ingorane z'ukwandurira ku kazi, utegerezwa:

- gukora icirwa cerekeranye n'ukugene abakozi bashobora kwandurira ku kazi
- kwiyumvira gushiraho amategeko yo kubicungera kandi urabe n'ingene ayo mategeko ashobora kugabanya izo ngorane, harimwo n'uguhana inta ugukaraba neza hamwe n'isuku rikwiriye hamwe n'ukuguma basukura- hamwe n'ukuraba inkingo zishobora kuba ziriho
- vugana n'abakozi n'abaserukira amagara y'abantu n'umutekano (HSRs) ku bijanye na COVID-19 hamwe n'amategeko yo kubicungera, muri ayo harimwo inkingo
- raba neza amategeko ashobora gushirwa mu ngiro kugira ngo akoreshwe aho ukoreshereza abantu bawe

Mbega ndakwiriye gutegeka abakozi bose ko bahabwa urukingo nk'itegeko kugira ngo ivyo nsaba ku magara y'abakozi nkoresha n'umutekano bije mu ngiro?

Ntibigaragara yuko ibisabwa ku gucandarwa ko bishoboka hisunzwe amategeko y'amagara yo ku kazi n'umutekano.

Nimba wosaba abakozi bawe ko bacandarwa, bikingisha bahawe urukingo bizovana n'ibizoba biriho ico gihe uzoba uriko uragira isuzuma n'icirwa c'ukuraba akaga gashobora kwaduka. Banza usabe impanuro nimba uriko uriyumvira ko abakozi bawe bakwiriye guhabwa urukingo kandi wiyumvire ku migenderanire yo ku kazi aho bakorera, ugukumirwa hamwe n'ubwigenge bw'abantu, ibanga ry'abantu.

Hashobora kuba hariho [amategeko avuye mu magara y'abantu](#) asaba ko abantu bahabwa inkingo nganda zimwe zimwe canke ku bakozi bamwe bamwe. Guma ufise inkuru zigezweho kandi ugumane impanuro zivuye mu bakozi bakorera mu amagara y'abantu.

Ndashobora gusaba abantu banje banshorera ko berekana ko bahawe urukingo imbere yuko binjira aho nkorerwa?

Ntibishoboka ko amategeko y'amagara yo ku kazi n'umutekano bigusaba kubanza kubaza abagushorera n'abashitsi ko berekana ko baronkejwe urukingo. Imbere yuko utegeka abantu ko bakwereka ibintu nk'ivyo banza usabe impanuro ubaze yuko hoba hariho ibanga n'ibibazo bijanye n'ugukumira.

Mbega abakozi banje barashobora guhakana no kwanka gukora kubera hariho uwundi mukozi atacandazwe, ataronkejwe urukingo?

Hisunzwe amategeko y'amagara yo ku kazi n'umutekano, umukozi arashobora guhagarika gukora canke kwanka gukora nimba afise igituma cumvikana c'uko ashobora kugira ingaruka mbi ku magara yiwe canke ku mutekano wiwe igihe agiraniye imigenderanire n'ikintu kanaka.

Mu bihe vyinshi, umukozi ntaharura ku mategeko agenga amagara y'abakozi n'umutekano kugira ngo ahebe gukora kubera gusa uwundi mukozi atikingishije, ccanke yanse kwikingisha.

Mbega nzobazwa hisunzwe amategeko y'amagara y'abantu bari ku kazi n'umutekano wabo ni nategeka abakozi banje ko bategerezwa kuronka urukingo hanyuma umwe muri bo akandura COVID-19?

Si ngmbwa ko uba wararenze amategeko yerekeranye n'amagara y'abakozi ku kazi n'umutekano wabo kubera gusa udategetse, udasavye abakozi bawe kwikingisha, kuronswa urukingo.

Utegerezwa kubandanya gushira mu ngiro no mu bikorwa amategeko yumvikana aho abakozi bawe bakorera nk'uguhana inta hagati y'umukozi n'uwundi, kugira isuku, hamwe n'ugusukura kenshi n'ubwo abakozi boba bararonkejwe inkingo.

Izindi nkuru

- [Inkuru zo ku magara n'inkingo- igisata c'amagara y'abantu](#)
- [Amagara yyo ku kazi n'umutekano - gukora neza mu mutekano akazi muri kazi](#)
- [Uburenganzira bw'aho abantu bakorera - umuhuza w'abakozi araba ko ibintu vyose bigenda neza](#)